# ЖАЗЫЎШЫ ЖУБАТҚАН МУРАТБАЕВТЫҢ «СҮЙЕНИШ» ГҮРРИҢИНДЕ ОБРАЗ, ПОРТРЕТ ЖАСАЎ ШЕБЕРЛИГИ

**Алдонгарова Шамшырақ Абдигапбар қызы**
*ӨзРИА, Қарақалпақстан бөлими, Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты 10.00.12-Қарақалпақ әдебияты бөлими таянш докторанты*

**Аннотация:** *Мақалада жазыўшы Жубатқан Муратбаевтың қайта қурыў дәўирин сүўретлеп жазған «Сүйениш» гүрриңиндеги образлар ҳәм портрет жасаў шеберлиги ҳаққында сөз етиледи.*

**Гилт сөзлер:** *«Сүйениш», портрет, Әмет, Гүлдәрима, Тәжим, Кишкенебек образлары*

**Annotation:** *The article discusses the characters and portrait creation mastery in writer Zh.Muratbayev's story "Suyenish," which depicts the period of perestroika.*

**Keywords:** *"Suyenish", portrait, images of Amet, Guldarima, Tazhim, Kishkenebek*

Портрет дегенимиз французша қаҳарманлардың кескин-келбетин, тулғасын сүўретлеў. (1. 58) Жазыўшы Жубатқан Муратбаев қайсы шығармасын жазса да, барлығында ҳақыйқат турмысты сәўлелендириўге умтылады. Оның қәлемине тийисли «Сүйениш», «Ийне», «Айталмай кетти», «Шежирениң шыбығы» ҳ.т.б гүрриңлеринде күнделикли турмысымызда көрип жүрген ўақыялар, турмыс тәшўишлери, қуўаныш-қайғы, адамлардың бир-бири менен сәўбетлесиўлери арқалы олардың минезлерин, сыртқы көринислерин, улыўма айтқанда турмыстағы реаллықты көрсетип береди. Солардың арасындағы «Сүйениш» (2. 72) гүрриңинде жазыўшы қайта қурыў дәўиринде Әмет деген басшының қандай ауҳалға түскенлигин, сүйениши деп есаплап жүрген Тәжим баслықтың оннан қалай алыслағанын, жан ҳалатта турғанда сол сүйениши таслап кеткенлигин ашып көрсетип береди.

Мысалы: «Қарны еки дизесине тийип, аўзынан дем алып, ысылдап-пыснап босағадан атлаған районлық мал таярлаў мәкемесиниң баслығы Әмет, дәлизде аяқ кийимин шешип атырып:

-Гүлдәрима, ҳә Гүлдәрима, төрги өжиреге көрпеше сал,. Қонақ келеди. Тәжим қайнағаң келеди,-деп даўыслады»(2. 72) -деп, бас қаҳарман Әметти усылайша сыпатлап көрсетеди. Оқыўшы ўақыя басланыўдан-ақ, Әметти жағымсыз образ ретинде танып алады. Ҳаялы Гүлдәрима да «апама жездем сай» дегениндей, жағымпаздың биреўи. «...Қассап қайнағаның балдызын шақыртып, қорадағы меңсиз ақ қозының терисин сыйыртып атырман. Кимге қандай ҳүрмет көрсетиўди менде билемен. Оннан да қайнағаға серик болып отыратуғын саўда кооперативиниң складшысын да шақырмайсаң ба?-деди

байына қарап еркелеп, кирпигин гүбелектиң қанатындай елпилдеткен Гүлдәрима» (2.72) . Мине, биз усыдан-ақ, Гүлдәрима образын анық көре аламыз. Ол да күйеуиниң жоқары лаўазымға өтииўине тилеклес, тек лаўазымлы адамларға ғана жалбақлайтуғын, ҳаял затының алдында кишкене сөзге алданатуғын күйеўин қалай алжастыра алатуғын сондай бир қуў ҳаял образын көремиз.

Бул еки образ да өмирде ушырасатуғын типлер. Әмет сияқлы өзиниң абыройы үшин бир адамға соншама көп шығындар болып, қонақ күтиў, әлбетте оның артында бир мәп турғанлығын көрсетеди. «Жеген аўыз уялар» дегениндей, кези келгенде оны Тәжим баслығы сүйениш болып қутқара алатуғынына ямаса қате-кемшиликлерин жасырыўына көмеклеседи-аў деген үмит пенен соншама сыйлап атыр. Ал, ҳаялы Гүлдәрима да күйеўиниң минезине үйренген, оның ким менен, не үшин араластуғынын ишлей жақсы билетуғын, өзи де пайдакүнем ҳаял сыпатында көринеди.

Гүрриңдеги Кишкенебек-Әметтиң баласы. Ол да «не ишемен, не жеймен?!» деўди билмей өсип киятырған кишкене бала иретинде сүўретленеди. Жумыстан келген әкесине «-Папа, дөдөт қайда? Мени мингиз,-деп еркелеп мойнына асылды» деген сөзлерден айтқаны орынланып, бетинен қақпай өсирип атырған баланың образын көремиз. Ҳәмме балалар да Кишкенебек сыяқлы әкесине келер-келместен айтқанын ислетип үйренген емес, керисинше әкесиниң қас-қабағына қарап отыратуғын балалар да ушырасады бул өмирде.

Жазыўшы шығармаға қатынасыўшылардың сыртқы портретлери менен биргеликте ишки портретин-характерин, исенимин, дүньяға көзқарасын сүўретлейди. Жубатқан Муратбаевтың шеберлиги қаҳарманның сыртқы келбетин сүўретлеп отырып-ақ, оның ишки характеристикасын бирдей көрсетип бериўи.

Бас қаҳарман Әмет те өзиниң сүйениши болған Тәжим баслығына соншама сый-ҳүрмет көрсеткени менен, қайта қурыў дәўиринде, мекемеге тексерис келгенде, «-Иним, босағамнан атлама. Изиңе қайт...»(2,73)-деп бетин қайтарыўы, билимсизликтен, нәпсиниң қулы болып, байлыққа, лаўазымға умтылғанның ақыры солай болады, ақырына келгенде ҳәмме нәрсеге өзиң жуўап бересең деген жуўмаққа келтиреди.

Жубатқан Муратбаевтың әдебиятқа әкелген жаңалығы сыпатында психологиялық таллаў терең екенлигин айтып өтиў керек. «Әдебият тәжирийбеси портрет жасаўдың ең қыйын жумыс екенлигин атап көрсетеди. Адамның кескин-келбетин сүўреттегидей айнытпай көшириўи қыйын болғаны менен, сол образды автордың, ямаса басқа қаҳарманлардың көзи менен ҳәм анық ситуациялардың үстинде бериў аңсат емес...демек,

реалистлик әдебиятта портреттиң өзинен қаҳарманның минезиндеги айырықша қәсийетлер аңғарылып отырыўы лазым» (3, 85-86)

Жуўмақлап айтқанда, гүрриң жүдә жеңил жазылған. Ўақыялар избе-излиги, оқыўшысын жалықтырмайды.

Жубатқан Муратбаевтың қайсы шығармасында болса да, қаҳарман портрети жақсы ашып бериледи. Турмыстағы ўақыялардан алынған дөретпелери сол ушын да оқыўшының ойында аңсат қалады.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР:

1. «Әдебиет теориясы», Қ. Жумалиев, Алматы, 1960 ж, 58 б
2. «Әмиўдарья» журналы 1993 жыл 2-саны, 72-73 бетлер
3. «Қазақ тарихи романы», Р. Бердибаев, Алматы, «Ғылым» баспасы-1979 ж, 85-86 бетлер